# Reyinyon Komite Siveyans Plan Prnsipal Stratejik Roxbury

4 Avril 2022



# 1. RSMPOC
# Byenveni ak Oryantasyon

# Anrejistreman Reyinyon

Sou demann manm yo nan kominote a, aktivite sa pral anrejistre sou paj entènèt Plan Prensipal Stratejik Roxbury nan **bit.ly/theRSMPOC** pou moun sila yo ki pa anmezi pou patisipe nan aktivite andirèk Zoom.

Egalman, li posib ke patisipan yo kapab anrejistre reyinyon an avèk telefòn kamera oswa lòt aparèy yo.  Si ou pa vle yo anrejistre w pandan reyinyon an, tanpri fèmen mikwofòn ak kamera w.

Si kamera ak mikwofòn ou dezaktive, ou ka toujou patisipe atravè fonksyon chat pa tèks.

# Entèpretasyon ak Tradiksyon




Panyòl” – pou Panyòl
“Kreyòl Ayisyen” – pou Ayisyen
“Angle” – pou Angle



# Konsèy sou Zoom

Byenveni! Men kèk konsèy sou fason pou itilize Zoom pou itilizatè premye fwa. Kontwòl ou yo anba ekran




Itilize chat la pou tape yon kòmantè oswa mande yon kesyon a nenpòt kilè – Manm yo nan RSMPOC/ BPDA ap modere chat la




Pou leve men w, klike sou “Patisipan” anba ekran w lan, e apresa chwazi opsyon “Leve Men” nan kazye patisipan an, oswa peze *9 sou telefòn




Silans/reyaktive – Patisipan yo ap rete an silans pandan prezantasyon an – prezantatè a pral reyaktive w pandan diskisyon an si ou leve men w e se moman pa w pou pale. Pou silans/reyaktive sou telefòn ou peze *6.




Aktive/dezaktive videyo w

# Pwotokòl Zoom

Nou vle asire ke konvèsasyon an se yon eksperyans agreyab pou tout patisipan yo.

- Tanpri rete an silans jiskaske yo rele w. Si ou ta renmen pale pandan tan sa a tanpri itilize fonksyon “Leve men” nan Zoom kidonk yon moderatè BPDA kapab reyaktive son patisipan yo.
- Tanpri respekte tan chak moun.
- Nou mande pou patisipan yo limite kesyon yo kidonk lòt moun kapab patisipe nan diskisyon an.  Si ou gen plis kesyon, tanpri rete tann jiskaske tout lòt moun kap patisipe yo gen yon opòtinite pou poze kesyon.
- Si nou pa anmezi pou reponn kesyon w nan reyinyon sa a tanpri mete yo nan Chat la nan fen an oswa imèl Kelly.sherman@boston.gov

# Pwogram

1. Byenveni RSMPOC
2. Mizajou Planifikasyon
3. Kay pou Ekite

# Prezantasyon ak Mizajou RSMPOC

## *Premye Lendi nan Mwa*

**10 Janvye 2022**

**7 Fevriye 2022**

**7 Mas 2022**

**4 Avril 2022**

**2 Me 2022**

**6 Jen 2022**

**11 Jiyè 2022**

**** Pa gen reyinyon nan mwa ****

**12 Septanm 2022**

**3 Oktòb 2022**

**7 Novanm 2022**

**** Pa gen reyinyon nan mwa Desanm****

# Responsablite RSMPOC

- Komite Siveyans Plan Prensipal Roxbury (RSMPOC) te kreye nan 2004 alaswit yon Plan Prensipal Estratejik Roxbury (RSMP).

- RSMPOC reprezante lajman katye Roxbury e li gen ladan Majistra ki nonmen yo, nonmen pa eli ofisyèl yo, asosyasyon katye, ak òganizasyon kominotè yo.

- RSMPOC sipèvize enplemantasyon Plan Prensipal Estratejik Roxbury ak PLAN: Nubian Square.

# Antre. Angaje. Pran Aksyon.

- **Antre:** Antre nan Komite Siveyans Plan Prensipal Estratejik Roxbury, ak/oswa yon Komite Revizyon Pwojè (PRC).

- **Angaje:** Patisipe nan reyinyon piblik yo. Mande kesyon. Envite vwazen yo, gwoup sivik Roxbury ak òganizasyon yo, biznis, pwopriyete adjasan oswa lòt kominote afilye nan reyinyon piblik yo.

- **Pran Aksyon:** Revize aksyon ak kòmante sou pwojè yo, devlopman, ak inisyativ planifikasyon.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou reyinyon kap vini yo, pwojè devlopman ak kijan pou patisipe, vizite **bit.ly/theRSMPOC**

# Objektif Plan Prensipal Orijinal

- Amelyore **Kilti lavi & sivik** nan katye a
- Ankouraje **kwasans divès & dirabilite** avèk djòb pou rezidan lokal yo
- Asire **transpòtasyon prive piblik nan yon fason ki ansekirite & pratik**
- Elaji & amelyore **lojman pou yon varyete** laj ak gwoup sosyo-ekonomik
- Kreye yon **domèn piblik konfòtab, antouzyas, ak ansekirite** ki montre divèsite rezidan lokal yo
- Amelyore **patisipasyon kominotè** ak **otonomizasyon** komite yo grasa a yon responsablite kwasan gouvènman, ak enstitisyon ak biznis yo

Sous: Plan Prensipal Estratejik Roxbury, p.4

# 2. Mizajou sou Planifikasyon

# PLAN: Mizajou sou Nubian Square

- Repons P-3 yo la! Ou ka jwenn li sou sitwèb P-3 nou an oswa anba a:
- Pwopozisyon *P-3 yo*

  HYM & Vil nou an nan Soumisyon Devlopman Lapè | HYM & Vil nou an nan Soumisyon Konsepsyon Lapè | Tishman Speyer & Soumisyon Devlopman Ruggles Progressive Partners | Soumisyon Konsepsyon Tishman Speyer & Ruggles Progressive Partners
- Pou rete angaje avèk Pwosesis P-3 tanpri enskri nan lis imèl nou an! (imèl Jennifer.kaplan@boston.gov pou enskri)
- Aplikasyon yo sou Bartlett ak P10 PRC/ IAG ouvè! Tanpri aplike anvan delè limit 8 Avril
- Byenveni Jenn Kaplan, Rebecca Hansen ak Jonathan Short

# BPDA ap anboche!

**Èske ou enterese nan travay pou la**

**Boston Planning Development Agency?**

http://www.bostonplans.org/about-us/careers-at-the-bpda

# 3. Kay pou Ekite

# Kay pou Ekite

Yon pwojè Pilòt pou kreye richès atravè posede kay pou moun koulè yo ki te eksperimante diskriminasyon nan lojman



# Yon moman Istorik pou Chanjman

**Pwopriyetè kay se fason anpil fanmi bati sekirite ekonomik.** Men, pandan plizyè dizèn ane, fanmi blan yo te achte kay epi yo te jenere richès ki te sipòte pa règlemna piblik ak aksyon prive ki te **eskli kay Nwa yo pou yo achte kay** .

Yon etid an 2016 te estime ke san entèvansyon dirèk, li pral pran **mwayèn fanmi Nwa a 228 ane** ak **mwayèn fanmi Latino 84 ane** pou akimile richès ke fanmi blan an mwayèn genyen kounye a.

Gen yon **santiman ijans renouvle pou jistis rasyal** nan peyi sa a, ak moman pou pouswiv agresivman ekite lojman se kounye a. **Kay pou Ekite [Homes For Equity] pèmèt kay ki gen moun koulè yo ki te sibi diskriminasyon lojman achte kay ak kreye richès** , menm jan blan yo te fè pandan plizyè dizèn ane.




Preske 90% nan kay blan yo nan Boston MSA se pwopriyetè kay, pandanke sèlman 33% fanmi Afriken Ameriken yo ak anviwon 20% a 30% fanmi Latino yo posede kay.

# Nou pral dirije Inisyativ la nan Roxbury, MA

Roxbury , kote prèske 90% nan popilasyon an se Nwa, Latino, oswa Azyatik, te chwazi kòm kote jeyografik la pou lanse pwojè a kòm rezidan li yo te fè eksperyans modèl ki pèsistan ak kwonik nan diskriminasyon lojman piblik ak prive ki kontinye jodi a.

Nan ane 1970 yo, “deplase soti nan bidonvil" finanse federalman te deplase rezidan Roxbury yo. Mwens pase senk ane apre deplasman an, ogmantasyon pri lwaye nan sa yo rele zòn renouvèlman iben Roxbury a te de fwa plis pase nan zòn metwopoliten annantye malgre move kondisyon lojman.

Fanmi Nwa ak Latino yo te ekskli nan tout zòn yo, kote te gen pri lojman yo te modere, epi yo te fòse yo peye pi gwo pri lwaye pou kay ki pa move kondisyon, efektivman fè yo "peye pou esklizyon yo .”

## Ras ak Etnisite nan Roxbury

2010 Chif ak Pousantaj

| | |
|---|---|
| White (alone) | 3,913 (6.5%) |
| Black or African American (alone) | 33,266 (55.6%) |
| Hispanic or Latino (all races) | 17,842 (29.8%) |
| American Indian and Alaska Native (alone) | 259 (0.4%) |
| Asian (alone) | 719 (1.2%) |
| Native Hawaiian and Other Pacific Islander (alone) | 21 (0.0%) |
| Some other Race | 1,874 (3.1%) |
| Two or More Races | 1,896 (3.2%) |

https://www.cityofboston.gov/Images_Documents/Roxbury_Planning_District_Profile_tcm3 - 12996.pdf

Nan Roxbury, sèlman 23% nan fanmi yo te posede kay yo konpare a 34% nan Boston.

# Faz Aktyèl: Rechèch ak Planifikasyon

Ekip rechèch nou an ap ranfòse dosye legal pou Kay pou Ekite anba Lwa sou Lojman Ekitab. An menmtan, n ap devlope sipò piblik pou inisyativ la.

1. Pou pwouve ka legal nou an ak konstwi dosye piblik la, ekip la ap dokimante istwa domaj - yon modèl aksyon irezistib pa gouvènman Vil, Eta, ak Federal ak enterè prive ki lakòz diskriminasyon lojman nan Roxbury.
2. N ap aplike yon optik ekite rasyal nan rechèch la epi mete moun ki pi afekte pa diskriminasyon lojman kòm patnè pou konsepsyon pwosesis rechèch la.
3. Avèk konsèy konsiltatif lokal nou an, n ap itilize done nou kolekte pou idantifye karakteristik ki kalifye fanmi yo pwogram lan pral sèvi .

Kat Orijinal ki montre Liy Wouj Boston



# Baz Legal nan Lwa sou Lojman Ekitab

- **Lwa sou Lojman Ekitab la entèdi diskriminasyon** baze sou ras
- Li etabli tou yon ***obligasyon*** **pou redrese oswa ranvèse kondisyon sou diskriminasyon lojman**




Copyright National Fair Housing Alliance, https://nationalfairhousing.org/fhact50/

"Li klè ke youn nan gwo defo nan planifikasyon ak enplemantasyon politik federal lojman san patiprise nan souzèstime gwo pèsistans diskriminasyon an."

Pratik aktyèl la sipoze entèdiksyon kont diskriminasyon lojman *anpeche konsiderasyon klè sou ras.* Nou kwè prensip reparasyon pèmèt pou plis *konsiderasyon eksplisit nan ras* nan maketing, seleksyon achtè ak konsepsyon pwogram

# Lwa sou Opòtinite Kredi Egal

Efè alontèm mank ranfòsman lwa sou lojman san patipri ak pèsistans valè kay ki kontinye ap depresye atifisyèlman ak diferans ki agrave nan transfè richès entè - jenerasyon.

Lwa sou Opòtinite Kredi Egal pèmèt **Homes for Equity** aji an **patenarya avèk lòt entèvenan yo pou adrese kondisyon diskriminasyon sistemik.**

- **Pèmèt priz an kont** ras nan yon “Pwogram Kredi pou Rezon Spesyal” pou benefisye gwoup “ki defavorize ekonomikman”, enkli “ moun ki te ekskli nan aksè kredi
- Eta oswa yon ajans lokal, yon òganizasyon non - pwofi kapab jere yon SPCP oswa yon kreditè prive

# Apwòch doub nan aksè a Pwopriyetè Restorativ

Pwogram pilòt Kay pou Ekite [Homes for Equity] pral chita sou de domèn ki esansyèl nan aksesyon pwopriyetè kay restorativ:

1. Pi ekplisit **maketing ki konsyan sou ras – ak seleksyon achtè** *(plis sou paj 8)*

2. **Chanjman nan règleman sou finansman lojman a bon mache** pou pèmèt pi gwo kreyasyon richès pami achtè koulè jodia *(plis sou paj 9)*

# Seleksyon Achtè Maketing ki baze sou Ras

**Pwoblèm nan**
Pwogram pou pwopriyetè kay yo souvan itilize prokirasyon, tankou yon premye moun ki achte kay oswa yon rezidans nan yon katye ki idantifye rasyalman, pou yo rive jwenn moun ki gen koulè. Sepandan, pwokirasyon jeneral souvan pa rive nan odyans ki vize a .

**Solisyon**
Kay pou Ekite [Homes for Equity] adrese baryè sistemik nan pwopriyetè kay atravè kritè seleksyon patisipan ki bay priyorite moun ki andomaje nan diskriminasyon lojman akòz ras yo.

Itilizasyon aktyèl pwokirasyon pou vize aplikan koulè yo gen rezilta melanje; HFE pral adopte plis kritè ki baze sou ras.

| Pwokirasyon Laj | Pwokirasyon Etwat | Kritè Eksplisit |
|---|---|---|
| Moun kap achte kay<br>Premye fwa<br>Preferans Lokal | Rezidans nan plas ke yo idantifye rasyalman | Ras |

# Chanjman nan Règleman sou Finansman Lojman Abòdab

## Pwoblèm nan

Kondisyon aktyèl sibvansyon lojman abòdab limite kapasite achtè kay yo reyalize valè sou mache a nan kay yo. Pa egzanp, restriksyon sou papye kay ki abòdab limite pri revant, ak dispozisyon pou reprann anpeche moun ki achte kay abòdab touche ekite nan kay yo. Menm ekite nan kay la ka limite.

Okenn nan règleman sa yo pa t aplike nan pwogram yo ke fanmi blan yo itilize istorikman, akselere diferans richès rasyal atravè jenerasyon yo.



## Solisyon

Kay pou Ekite [ Homes for Equity] pral mennen chanjman nan règleman ki diminye kondisyon pou repran sibvansyon yo pou bay priyorite pou kreye richès nan mitan moun ki andomaje akoz diskriminasyon lojman.

Chanjman règleman sa yo pral maksimize kapasite pwopriyetè kay abòdab yo pou reyalize valè apresyatif kay yo pou kreye richès.

# Implementation

Pwojè Pilòt Kay pou Ekite [Homes for Equity] pral **tire pati pwojè pwopriyetè kay yo ki ankou** nan Roxbury pou premye enplemantasyon an.

Nuestra Comunidad ak Windale Developers yo pami devlopè yo ki te aksepte pou **bati ak vann 40 “Homes for Equity” pou demontre teyori chanjman nou.**

Inisyativ Kay pou Ekite [Homes for Equity] fèt pou l **repwodui toupatou nan MA ak odela**, bay yon wout pou fanmi koulè yo jwenn aksè nan pwopriyete ak kreye richès.

## Ekip Pwojè



Dr. Neenah Estrella-Luna, *Direktè Rechèch*



Joseph Feaster, *Konsiltan*



Symone Crawford, *Direktè Egzekitif, MAHA*



Maria Latimore, *Direktè Pwojè*



Henry Korman, *Avoka*

# Alye ak Sipòtè

OppCo

Celebrating 40 Years
NUESTRA COMUNIDAD
#CloseTheGap

Massachusetts Affordable Housing Alliance
Education • Action • Results

tBf 100 YEARS
The Boston Foundation
RESPONDING SEEDING CHANGING
100 YEARS OF IMPACT

NeighborWorks® AMERICA

Windale Developers

Klein Hornig LLP
COUNSELORS AT LAW

Beth Israel Lahey Health
Beth Israel Deaconess Medical Center

# Kontak

Ann Houston

PDG OppCo
ahouston@oppcommunities.org

Maria Latimore

Direktè Pwojè

maria@marialatimore.com

# Anèks

# Tablet/Kapti Ekran Tablet / Telefòn




boston planning & development agency